{«DateLetterGenerated»}

Chè rezidan,

Kote w ap viv nan {«Street, City, State Zip»} Yo te jwenn nivo plon ki pa an sekirite ki te kontribye nan anpwazònman plon yon timoun. Ekspozisyon plon ka domaje sèvo a ak sistèm nève a, ralanti kwasans ak devlopman, epi lakòz pwoblèm aprantisaj ak konpòtman osi byen ke pwoblèm tande ak lapawòl.

Rezon ki pi komen timoun yo vin anpwazonnen ak plon se akòz penti ki baze sou plon deteryore (pousyè) nan ansyen kay ki te bati anvan 1978. Lòt sous potansyèl ekspozisyon ak plon gen ladan yo tè, dlo, ak pwodwi konsomatè.

Si yon timoun ki poko gen 6 an ap viv lakay ou oswa rete la pou plis pase sis èdtan pa semèn, Depatman Sante Ohio rekòmande pou timoun lan fè yon tès san nan men yon doktè oswa yon lòt founisè swen sante pou asire w ke li pa anpwazonnen ak plon.

{«HDname»} te bay pwopriyetè w la lòd pou l rezoud pwoblèm plon yo, men li refize fè sa. **Kòm rezilta, lwa Ohio di ke nenpòt moun k ap viv nan kay la dwe deplase paske yo te deklare li pa an sekirite pou moun k ap viv la. Se sitou ensekirite pou timoun ki poko gen 6 an ansanm ak fanm ansent.** Yon siy avètisman te afiche sou pwopriyete a, epi li ilegal pou retire li. ODH kontwole pwopriyete sa yo pou asire ke siy avètisman yo toujou afiche, e ke pèsonn pa rete la.

Ou bezwen chèche yon kay diferan pou w viv ladan l (yon pwopriyete ki te bati apre 1978 si sa posib, paske gen mwens chans pou l gen pwoblèm plon tou). Anpil kominote Ohio gen òganizasyon sèvis sosyal oswa lòt resous kominotè ki ka ede w jwenn yon lòt kote pou w viv. Ou ka wè yon lis pwopriyete nan zòn ou pou evite paske yo gen pwoblèm plon tou (disponib sou sit entènèt ODH a nan http://www.odh.ohio.gov/pbhazproperties).

Si w gen kesyon sou avi sa a, oswa sou fason pou w fè yon timoun fè tès pou anpwazònman plon, rele {«HDname»} nan {«HDPhone»}.

Sensèman,

{«HDRepresentativeName»}
{«HDRepresentativeTitle»}
{«HDName»}